

A TROPHY ROOM FOR MEMORIES

Lesson 147

Joshua 3:1-7 ; 14-17

Memory verse : " *Then it shall be, if by any means you forget the Lord your God, and follow other gods and serve them, and worship them, I testify against you this day that you shall surely perish.*" Deuteronomy 8:19

IKIRUNDO C'AMABUYE. ICIBUTSO KU B'ISIRAYELI

Icirwa c'i 147

Yosuwa 3:1-7 ; 14-17

Ijambo ngenderwako : « *Ariko ni mwibagira Uhoraho Imana yanyu, mugakurikira izindi mana, mukazisaba, mukazisenga, uyu musi ndababuriye yuko mutazobura guhona* »
Gusubira mu vyagezwe 8 :19

I. Intangamarara

Yosuwa umurongozi mushasha yotowe n'Imana ; harageze ko ahaguruka, ashire mu ngiro ico yahamagariwe. Kujabuka Yorodani, kwinjiza abantu mu gihugu c'isezerano kimwe abatasi umunani bemeza ko batokwiyamvya ngo bagitere. Ni igihe gikwiye aho haboneka intsinsi ikomeye ku bansi babo. Iyi ntsinsi ya Yosuwa ni akarorero kaboneka ku ntsinsi y'umukristo mu gihe ciwe.

II. Kwibonera Imana ikora

Igihe co guhaguruka kigeze, Yosuwa ntiyasaba abakuru mu gisirikara gukarisha amacumu n'inkota canke kubanga neza inkizo zabo. Ababwira ngo : « *Ni mwiyeze kuko ejo Uhoraho azokora ibitangaza muri mwebwe.* » **Umur. wa 5.** Mu yandi majambo ; Uhoraho yari afise umugambi wo gukora, ariko asaba ikintu kimwe " **Kwezwa** " Si ukwigwanira.

Kwezwa ni ki ? Mu gihe c'Abisirayeli, baca bamesura impuzu zabo, bakoga neza. Mu gihe ca Yesu, kwezwa ni kuba wararenganye intambuko yo gukizwa, ukageraho urandura imizi ya kameremere y'icaha yahora yarakwiziziye. Ukubaka imigenderanire myiza n'Imana.

Kubera iki Imana isaba Abisirayeli kwiyeza ? Kugira ngo ubushobozi bwayo bubone kwiyerekana mu b'isi. Imana ihora ifise umugambi wo gutabara abayo. Igituma ushobora gusenga ntiwishurwe, haraho biterwa n'ivyaha wamamwo. Hari naho ukwihoza kuko washatse kwirwanirira. Muri ico gihe, irakureka, ukazoyigarukako ubonye ko wananiwe, igaheza ikagukiza.

Abaherezi barerura ya isandugu. Bakirambika ibirenge mu ruzi, ruca rucikamwo kabiri. Ayo haruguru arahagarara, ayo hepfo aramanuka, abantu bose barajabuka. Izi ni inkomezi z'Imana. Uru ruzi rurapima hafi imetero zibiri mu kuja hasi, yari intambamyi ku bisirayeli. Nico kidushitsa gutahura akamaro k'iyi sandugu y'isezerano. Iyi yarimwo : Ya nkoni ya Aroni yanaga isigura ubuzima bushasha ; umubehe urimwo manu werekana Yesu mutsima w'ubugingo ; ibisate vy'ivyagezwe. Muri ico gihe ; iyi sandugu yerekana (Presence) Ukubaho kw'Imana mu bantu. Muri iki gihe, Umwami Yesu aba ari hose icarimwe.

Woshobora kwibaza ibibazo vyinshi kuri ino nkuru, ariko ni ukumenya ko vyose yabikoze ngo aduze ukwizera kw'abantu bayo.

III. Ntukibagire igitangaza Imana yagukoreye

Soma 4:4-7. Abantu bose bamaze kujabuka, niho Imana yabasaba gutora amabuye 12 muri Yorodani ; babona gukura ya sandugu muri urwo ruzi, narwo rubona gusubira kumanuka. Baraduga baja gucumbika ku musozi Gilugali impande ya Yeriko aba ariho bashinga ya mabuye. **Yos. 4:19** . Barya indrya zaho, ntibasubira kubona manu. Uhoraho yasiguriye abo b'Isirayeli akamaro k'ico kirundo c'amabuye. **Soma 4:23-24** Isanganya ridasanzwe kandi rikomeretsa k'umuntu ni kwibagira kahise.

Umwanditsi umwe yaravuze ati : « *Ivyo twama twibuka k'ububasha bw'Imana, bituremera isi ikomeye. Kandi muri yo, niho imizi yacu yo kwizera ishingiyeye mu kugororoka no kuronka ibitubeshajeho.* »

IV. Ubaka icibutso cawe.

- Abantu benshi barafise ingorane yo kwibagira ivyiza bakorewe. Urasanga uwo mwubakanye yaragukoreye iciza, gushika aho umwemeza ko hako yopfa, wokwemera ukamugira mu gishingo. Amajambo meza, umunezero wako kanya, ariko ntibikubuze kumuhemukira kuko ubonye ubuzima bumuhindutse : arakenye, ararwaye, akazi karaheze n'ibindi. Ni wubake icibutso cawe.

- Umuntu yarigeze kukugirira neza mu gihe wari ubikeneye. Aho kumusanga ngo umushimire, ntibikubujije kumuhinduka no kumuhemukira. Ndetse wifataniye n'abansi biwe.
- Ishengero ryarigeze kugufasha no kugusengera, inyituro urihaye ni kugenda urituka n'abakozi baryo.

- Imana yaragukoreye ivyiza, iraguhezagiye igukuye mu bukene, igukijiza andwara canke abansi ; igukijije mu gihe c'intambara, uravyirengagije, uyihemvye kwisubirira ngeso za kera. Ubaka icibutso cawe.

V. Gushira mu ngiro.

Kugera uyu musu Umwami Yesu arababazwa n'abo yagiye akorera ibitangaza, ariko bakavyiyibagiza, bakamwishura kumubambira ahigaragaje, bamukoza isoni mub'isi. Nkuko ijambo ry'Imana rivuga ko abazibagira Uhoraho, batazobura guhona, niko naba bazohona igihe c'imanza kigeze.

Woba waracumuye kubera kwiyibagiza, wohaguruka ugasaba imbabazi, araguharira kandi agukize, uhereho wibuke.